# QARAQALPAQ MUZÍKA MÁDENIYATÍNÍŃ KÓRNEKLI SÁZENDESI ALLAMURATOV QÍLÍSHBAY

*Ózbekistan mamleketlik konservatoriyası Nókis filialı*
*"Muzıka kórkem óneri" fakulteti 2-kurs studenti*
***Tursınbaeva Umida***
*Ilimiy basshı:* ***Kamalova Gúlmaryam***

Allamuratov Qılıshbay Dauletbaevish 1972-jılı 8-fevralda Kegeyli rayonı Kuyubshev awılında tuwılǵan, milleti qazaq uruwı "xoja". Onıń ákesi Dáwletbay mexanik bolıp xızmet etken, anası belgili tarıyxshı alım Qırıqbay Bayniyazovtıń qarındası Genjebiyke Bayniyazova bolıp 4-sanlı mektepte muǵallim bolǵan. Olar 6 ul perzentti dúnyaǵa keltirgen hár tárepleme tárbiyalap ónerli bilimli qılǵan. Búgingi qáhármanımız mine usılardıń tórtinshi perzenti edi. Úlken aǵası Rústem Dauletbaev ákesiniń ornına áke bolıp mexir berip úyli-jaylı qılǵan házir húrmetli dem alısta ul qızın úylendirip aqlıq kórip baxıtlı ómir súrip atır. Ortanshı hám kishkene aǵaları Dástan, Jumabay Dauletbaevlar, inileri Rashid Azat Dauletbaevlar. Aǵaları Rustem hám Dástanniń qılıshı bolsın dep ata-anası bul balanıń atın Qılıshbay dep qoydı.

Qılıshbay jeti jasqa tolǵanda taǵdir sınawı menen anasınan jetim qaladı, bul waqıtta onıń inileri Rashid bes, al eń kishkene Azat úsh jasta edi. Ózi bala bolıwına qaramastan óz úkelerine ǵamxorlıq qılıp, anasınıń joqlıǵın bildirmewge háreket qıldı.

Ol óziniń qatarınan shaqqanlıǵı, uqıplılıǵı menen ajralıp turatın edi. 1979-jılı 1-sentyabrde óz awılında jaylasqan 4-sanlı sol waqıttaǵı "Lenin" atındaǵı mekteptiń 1-klassına oqıwǵa bardı. On jıl dawam etken oqıw barısında óziniń oqıwǵa bolǵan intası menen bir qatarda muzikaǵa qızıǵıwshılıǵı mene kózge tústi. Sol waqıtlarda mektepte shólkemlestirilgen muzika dógeregine qatnasıp, mektepte ótkerilgen hár

bir bayramda qashqar rubabı, dáp, akkardion hám tağıda basqa áspablardı atqarıp, qosıq aytıp qatnasqan.

1989-jılı mektepti tabıslı tamamlap Xalqabad qalasındağı 15-sanlı kásip óner uchilishesiniń kulinariya bólimine oqıwǵa kirip 1990-jılı tamamlap, sol jılı armiyaǵa ketedi. 1992-jılı armiyadan kelip Nókis qalasında jasawshı muǵallim, sáz áspabların ońlawshı usta Jalǵas Jumamuratovqa shákirt tusedi. Ustazınan ol sáz áspablardı ońlaw, qaplaw, duwtar soǵıw sırların úyrendi. Jas jigittiń duwtar shertiwge degen qızıǵıwshılıǵın sezgen ustazı oni Qaraqalpaqstan xalıq artisti, baqsı Turǵanbay Qurbanov penen tanıstıradı. Ol óz gezegi menen Qılıshbayǵa duwtar ásbınan bir neshe qosıq úyretip, ondağı úqıplılıqtı sezedi hám oǵan sol jılı J.Shamuratov atındağı kórkem óner uchilishesinde ashılǵan folklor bólimine oqıwǵa tapsırıwdı usınıs etedi.

Ustazlarınıń máslahati menen ol 1992-jılı J.Shamuratov atındağı kórkem óner uchilishesiniń folklor bólimine oqıwǵa tapsıradı hám Ózbekstan xalıq baqsısı Ǵayratdin Ótemuratovqa shákirtlikke túsedi. Ol óz ustazınan saz sırların úyreniw menen birgelikte ustashılıq ónerin de dawam ettiredi. Oqıw dáwrinde Respublikamızda ótkerilgen bayram koncertlerinde ansambl jamááti menen belsene qatnasqan.

1992-jıl Allamuratov Qılıshbay armiyadan, Basherova Sapargúl mektepti tamamlap sol jılı Nókis mámleketlik J.Shamuratov atındağı uchilishesinde shólkemlestirilgen folklor bólimine oqıwǵa tapsıradı. Qılıshbay sázende bolsa, Sapargúl baqsı edi. 1992-jılı noyabr ayında studentler tárepinen shólkemlestirilgen “Tanısıw keshesinde” bul eki qáhármanımız tanısadı. Keyin ala ekewiniń arasında mahabbat tuyǵıları payda boladı. 1994-jıl aprel ayında jaslar turmıs quradı hám sol waqıttağı ózleri oqıp atırǵan bilim dárgayınıń basshısı Maqsetulla Kamalov turǵan úyde jasaǵan.

1995-jılǵa kelip jas shańaraqta baxıtlı waqıya júz beredi. Olardıń birinshi perzenti Talǵat dúnyaǵa keldi. Keyin eki qız hám bir ul perzentli boladı. Úlken balası Talǵat Dauletbaev Ózbekistan mámleketlik konsevatoriyası nókis filialında

“Ulıwma  kásiplik hám social gumanitar” pánler kafedrası baslıǵı bolıp jumıs islep atır. Qızı  Gulxumar Dauletbaeva 2004-jılı nókis qalasında tuwılǵan. Ózbekistan mamleketli konservatoriyası nókis filiyalı “muzika tanıw” qániygeliginde 3-kurs studenti. Miyasar Dauletbaeva 2006-jıl nókis qalasında tuwılǵan. Ózbekistan jurnalıstika kommunikatsiya universtitetinde 1-kurs studenti.Genje perzenti  Inayat Daultbaev 2016-jıl nókis qalsında tuwılǵan 4-sanlı mektep internatında 2-klass oqıwshısı. Ul úylendiriw parz degenindey 2023-jılı úlken ulı Talǵat Umida atlı baqsı qızǵa úylenip,  aqlıq súyip quwanıshqa bólendi.

Jas sazende 1996-jılı oqıwdı tabıslı tamamlap, sol jıldıń ózinde-aq házirgi 12-sanlı balalar muzıka mektebinde milliy muzıka bólimin shólkemlestiredi. Hám sol jerde kóplegen shakirtler tayarlap, ózleriniń talapshanlıǵı hám iskerligi menen birgelikte Respublikamızda ótkerilgen kórik tańlawlar, festival, koncert hám hár túrli tádbirlerde belsene qatnasıp jeńimpaz bolıp kelmekte.

2000-jıl “1-iyun balalardı qasterlep abaylaw kúni” munasebeti menen ótkizilgen Tashkent qalası Turkistan sarayında bolıp ótken festivalda shágirtleri Saylawbay Atajanov hám Bawırjan Hamidullaevlar qatnastı.

2005-jılı Xiywa qalasında bolıp ótken M.Qori Yakupov atındaǵı kórik tańlawdıń Respublika basqıshında shákirtı Kewlimjaev Sultan sıylı I orındı jeńip alıwǵa miyassar boldı.

2004-2007 jılları bilimin jetilistiriw maqsetinde Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń “Muzıkalıq tálim” bólimine oqıwǵa kirdi hám sol jıldıń ózinde Nókis mádeniyat hám kórkem óner kollediniń milliy muzıka bólimine oqıtıwshı bolıp jumısqa kiredi. Mine 20 jıldan berli ol kóplegen shákirtlerdi tayarlap kiyatır.

Tek ǵana shákirt tayarlaw menen sheklenip qalmastan ol ustashılıq kásibin dawam etip kelmekte. Usı waqıtqa shekem Respublikamızdaǵı derlik barlıq saz ásbaplar qolınan ótken desek asıra aytqan bolmaspız. Sebebi ol ustashılıq penen qatar buzılǵan sáz ásbaplardı qayta ońlaydı. Teri menen qaplanatuǵın ásbapları dáp,

rubab, girjek, tor, attıń qılınan salınatın gırjektiń, qobızdıń tartqıshlarıń isleydi. Házirgi waqıtta ol duwtar menen birgelikte shıńqobız ásbapın soǵıwdıń sırların úyrenip barmaqta. Shákirtlerinnen ustazı haqqında pikir soraǵanımızda ustazınıń júda sawatlı talapshań hár dayım reje menen óz jumısın orınlaytuǵınan aytadı. Q.Allamuratov shańaraqta ádiwli áke aqılıǵınıń súyikli atası sonıń menen birge mexriyban ómirlik joldas. Usınday insanlardı jámiyetimizdıń úlgili shańaraǵı retinde kórsete alamız.



***Q.Allamuratov ustaxanadan kórinis***

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. G.Kamalova U.Tursınbaeva "Qaraqalpaq milliy muzıka atqarıwshıları" (biografiyalıq ocherk)

2. G.Kamalova "Qaraqalpaq muzıka tariyxı" Nókis

3.D.Allanazarov "Qaraqalpaq sazları" Nókis

4. A.Erejepov "Qaraqalpaq milliy saz ásbapları"

5. G.Kamalova G.Orazalieva "Duwtar zawqı" Nókis-2023

6. G.Kamalova A.Muratbaeva "Qaraqalapaq xalıq maqtanıshı" Nókis-2023